



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE BIDJÈ POU ANE 2022: RE-IMAJINE | REBATI | RENOUVLE

Dekri de opsyon bidjetè: Youn ki avanse rekonstriksyon agresif apre-COVID, youn ki lakòz doulè pou NY si gouvènman federal pa bay 15 milya dola

Chemen ke y ap pran depann de nivo finansman federal apre enpak ekonomik devastatè nan atak SALT Washington lan ki konpoze pa repons COVID ki echwe

Avèk Sipò federal adekwa, Eta a ka avanse vizyon anbisyè Gouvènè a pou Re-imagine, Rebati & Renouvle NY:

306 milya dola plan enfrastrikti - ki se pi gwo plan nan nasyon an

29 milya dola nan investisman ekonomi vèt prive ak piblik

1.3 milya dola Pwogram Sekou Lwaye, 20 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab, 128 milyon dola pou lojman pou moun ki sanzabri & asistans

15 dola prelèvman sou debi pou fanmi ki gen revni fèb yo, 150 milyon dola pou adrese ensekirite alimantè, 10 milyon dola pou Fon Defans Libète a

Pwogram Rekiperasyon ak Restorasyon Pandemi ki koute 130 milyon dola k ap sipòte ti biznis, restoran, endistri atizay ak andistri divètisman ki afekte anpil yo

40 milyon dola Fon Komèsyalizasyon pou Rezistans kont Maladi Enfektye pou akselere inovasyon & adrese menas sante emèjan - etabli Kò Sante Piblik

Kaye Enfòmasyon Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2022 an Disponib [Isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te dekri Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2022 an pou re-imagine, rebati ak renouvle New York apre pandemi COVID-19 ki ankou a.

Gouvènè a te prezante de opsyon bidjetè, tou depan de nivo finansman gouvènman federal la founi New York apre enpak ekonomik devastatè repons COVID-19 Washington lan ki echwe a. Premye opsyon an ta sipòte lagè kontinyèl Eta New York kont pandemi an ak plan rekonstriksyon agresif apre COVID la. Dezyèm opsyon an -

an absans 15 milya dola nan finansman federal la - sa ta lakòz doulè pou Nouyòkè yo nan fòse eta a ogmante revni, koupe depans ak prete.

Gouvènè a te reyitere tou apèl li pou patnè federal yo pou abwoje règleman Taks Eta ak Taks Lokal yo ki nwizib - oswa prelevman SALT - ki te koute Nouyòkè yo plis pase 30 milya dola pandan twa dènye ane yo e ki te konstitiye premye montan taksasyon doub nan listwa. Pri mwayèn prelevman SALT pou fwaye New York yo se 2,600 dola pou chak kay.

Si gouvènman federal la bay New York yon pati ekitab ki evalye a 15 milya dola, Eta a pral kapab:

Avanse yon plan enfrastrikti 306 milya dola - ki se pi gwo plan nan nasyon an - ak 29 milya dola nan investisman ekonomi vèt.

Pibliye yon pwogram soulajman lwaye 1.3 milya dola, finanse pwogram 20 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab, epi bay 128 milyon dola pou lojman ak asistans pou sanzabri.

Enstitiye yon prelevman 15 dola sou debi pou fanmi ki gen revni fèb yo, ofri bay 150 milyon dola pou adrese ensekirite alimantè, epi kontinye investisman 10 milyon dola nan Finasman Defans Libète (Liberty Defense Fund) a pou bay konsiltasyon legal ak depistaj gratis pou ede Nouyòkè ki san papye yo.

Kreye yon Pwogram Rekiperasyon ak Retablisman Pandemi (Pandemic Recovery and Restoration Program) ki koute 130 milyon dola pou sipòte ti biznis yo ansanm ak restoran yo, endistri atizay ak endistri lwazi ki te afekte pa COVID la.

Etabli 40 milyon dola Fon Komèsyalizasyon pou Rezistans kont Maladi Enfektye (Infectious Disease Resiliency Commercialization Fund) pou akselere inovasyon ak adrese menas sante emèjan yo.

Kreye yon kò sante piblik ki pral ede nan sipòte operasyon vaksinasyon COVID-19 yo, nan etabli yon kapasite sante piblik pou reponn ak ijans ki pi bon nan nasyon an .

"Istwa COVID la gen anpil chapit - nou te lanse batay la ane pase e kounye a nou pa dwe sèlman fini li, men kòmanse yon rekonstriksyon apre COVID ki agresif", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou se nan yon tan diferan ak yon mond diferan de yon ane ki apèn pase epi nou pa ta dwe etone ke bidjè sa a pral parèt diferan. Nou gen yon plan an plas, yon fòs ke nou pa te gen anvan e mwen kwè lavni nou an briye, men Washington dwe ajè ak ekite si nou vle emèje sou lòt kote kriz sa a. Malgre iresponsabilite federal la, ki te pèmèt COVID tann yon anbiskad kont eta nou an, Nouyòkè yo pare pou kòmanse rebati, men pou sa rive, nou bezwen abwojman SALT ak 15 milya dola nan èd federal ke nou merite on yon fason jis - e nou bezwen li kounye a. Apre ane ostilite federal, mwen kwè nou nan direksyon nou sipoze pran pou

sa chanje - nou jis bezwen fè li. Nou te bati pi gwo eta a yon fwa anvan e mwen konnen ke nou pral fè li ankò."

Gran Pwen Fiskal ki nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2022 an, si nou konsidere 15 milya dola k ap soti nan èd federal:

- Depans Fon Fonksyònman Eta a se 103,4 milya dola
- Tout depans Fon yo rive 192.9 milya dola pou Ane Fiskal 2022 an
- Founi 31.7 milya dola nan Èd pou Lekòl
- Founi 7.5 milya dola nan sipò Eta pou edikasyon siperyè nan New York

PWEN ENPÒTAN NAN BIDJÈ YO ADOPTE POU RE-IMAJINE | REBATI | RENOUVLE 2022 AN

Pote Viktwa sou COVID ak Ranfòse Distribisyon Swen Sante

Telesante: Pandemi COVID -19 la te transfòme sistèm distribisyon swen sante a, pliske yo te elaji metòd pou jwenn swen yo. An konsekans, Eta a ap avanse yon pake refòm telesante konplè ki pral diminye depans yo, amelyore swen pou popilasyon vilnerab yo, ak ogmante aksè ak sèvis telesante :nan

- Ogmante Aksè ak Sèvis yo atravè Refòm Regilatwa Konplè lè li pèmèt distribisyon swen telefonik, k ap pèmèt lisans ant eta, pèmèt kèk anplwaye ki pa gen lisans (pa egzanp, Konseye Akredite sou Alkolis ak Toksikomani) pou destribiye sèvis twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans atravè telesante, agrandi founisè telesante ki kouvri yo, elimine egzijans lokal ki demode yo, elaji ranbousman pou siveyans pasyan, entegre telesante nan Rezo Enfòmasyon sou Sante nan tout Eta pou New York, SHIN-NY (Statewide Health Information Network for New York, SHIN-NY), ki egzije telesante nan asirans komèsyal ak agrandi aksè ak sèvis sante mantal ak toksikomani yo.

Pwomosyon Teknoloji ak Apwòch inovan nan ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon, etabli yon pwogram pilòt pou fasilite telesante pou popilasyon vilnerab yo, ki egzije konpayi asirans yo ofri Tiraj elektwonik ak Depatman Ijans Vityèl, ak pèmèt konpayi asirans yo satisfè kondisyon jesyon swen kontra nan itilize solisyon telesante emèjan yo ki amelyore efò jesyon swen ak ekip milti-disiplinè entegre yo.

Ogmante Kapasite Dyagnostik COVID-19 k ap Mennen nan Nayon an: Bidjè Egzekitif la pral kontinye sipòte ekspansyon pwogram tès Eta a k ap mennen nan mond lan, ki aktyèlman kapab fè plis pase 200,000 tès COVID-19 sou yon baz jounalye pou idantifye maladi ak diminye pwopagasyon kominotè. Sa pral gen ladan ogmante ekspètiz rechèch laboratwa Wadsworth yo, ki te premye laboratwa piblik nan Etazini ki te fè yon tès COVID-19 san Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control, CDC) ki apwouve pa Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA). Eta a pral kontinye opere tou yon rezo ki gen 22 sit pou tès sou volan ak san randevou ki sitiye nan rejyon an ki disponib pou tout Nouyòkè yo ki konplètman gratis, epi li pral etabli yon rezo kote pou fè tès rapid an patenarya avèk konpayi tès yo pou pèmèt biznis ak sant lwazi yo re-ouvri san danje.

Lanse yon Fon Komèsyalizasyon pou Rezistan Kont Maladi Enfektye Eta New

York: Kòm yon pati nan Inisyativ Syans Lavi (Life Science Initiative) Gouvènè Cuomo, Empire State Development pral kreye yon nouvo Fon Komèsyalizasyon pou Rezistans kont Maladi Enfektye Eta New York ki dirije pa Empire State Development e konseye pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak lòt ekspè prive pou kapitalize sou rechèch ak devlopman byen ak ekspètiz nan syans lavi, biyoteknoloji ak biyodefans konsidebab New York. Fon an pral konsantre sou akselere kwasans konpayi yo akselere devlopman nan inovasyon ki adrese maladi enfektye emèjan yo, menas sante piblik ak sipòte kwasans ekonomik.

Kontinye Repons COVID ak Aplikasyon Distribisyon Vaksen an: Bidjè Egzekitif la pral sipòte aplikasyon yon pwogram vaksinasyon COVID-19 nan tout eta a ki pral disponib pou tout Nouyòkè yo nan ane a, pou asire yon distribisyon ki jis ak ekitab nan kominote vilnerab ak defavorize yo nan tout rejyon yo nan eta a. Pwogram vaksinasyon an pral kouvri prèske 20 milyon rezidan gratis, sa k ap rann New York vin premye eta ki an sekirite kont COVID nan nasyon an ak akselere efò re-ouvèti Eta a.

Kreye Kò Sante Piblik New York la: Kò Sante Piblik New York la pral ede nan sipòte operasyon vaksinasyon kont COVID-19 yo ak etabli yon kapasite sante piblik pou reponn ak ijans ki pi bon nan nasyon an ki dire odela pandemi COVID-19 la. Manm sa yo ap gen ladan elèv ki nan pwogram sante piblik nan nivo lisans ak metriz, lekòl enfimyè ak lekòl medikal ak lekòl famasetik, elèv ki fèk gradye, pwofesyonèl medikal ki nan retrèt, premye sekouris volontè yo, ak lòt Nouyòkè ki pral resevwa yon pwogram fòmasyon sante piblik entansif ke Cornell University prepare. Apre pwogram vaksinasyon COVID la fini, New York pral baze sou modèl Kò Sante Piblik la lè li kontinye rekrute ak fòme pwofesyonèl swen sante ki dwe disponib ak prepare pou sèvi Eta a nan nenpòt kriz alavni.

Ede Travayè yo Pran Vaksen: Pou pwoteje travayè yo ak moun ki retounen ale travay yo, amelyore sante piblik, epi ede rekipasyon ekonomik Eta a, patwon piblik ak prive ta dwe oblije ofri kat èdtan konje peye pou jiska de vaksen COVID-19 pou chak anplwaye.

100 milyon dola pou Elimine Kopeman pou Nouyòkè ki Gen Revni Fèb

yo: Pandemi COVID-19 la te prezante disparite swen sante pèsistan, ki repati nan peyi sa a ak nan Eta New York. "Kominote Nwa, Latino, Azyatikak kominote pòv yo peye pri ki pi chè a pandan COVID-19 la. To ki pi wo nan kondisyon kache yo te yon gwo motè nan disparite sa yo. Ogmante aksè ak swen sante abòdab pral ede adrese diferans sa yo epi ede asire New York emèje anba pandemi an pi fò epi pi ekitab.

Atravè echanj asirans sante New York ki reyisi a, Sante Eta New York, fanmi ki gen revni fèb yo kalifye pou Plan Esansyèl eta a gratis oswa avèk yon prim maksimòm 20 dola pa mwa pou chak moun. Sepandan, fanmi yo ak moun yo toujou ap lite ak depans yo. Pou fè pwoteksyon pi abòdab pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, Gouvènè Cuomo pral elimine prim mansyèl sa yo pou plis pase 400,000 Nouyòkè, sa k ap pèmèt fanmi

nyo ekonomize prèske 100 milyon dola pa ane nan prim yo epi enskri 100,000 Nouyòkè ki pa gen asirans kounye a.

Anplis de sa, Bidjè Egzekitif la fè apèl ak yon investisman 420 milyon dola nan to peman bay founisè Plan Esansyèl yo. Chanjman to sa a ap amelyore ranbousman founisè a, ki pral ankouraje ak sipòte aksè ak sèvis swen sante enpòtan yo. Anplis de sa, Bidjè a etabli yon kategori bon jan kalite Plan Esansyèl ki evalye a 200 milyon dola pou ankouraje bon jan kalite swen, ranfòse rezo founisè yo, ankouraje founisè yo baze sou pèfòmans, epi asire aksè founisè pou tout manm Plan Esansyèl yo.

Kreye Nouvo Biwo Sèvis Sante Mantal ak Toksikomani. An kontinite ak efò anvan yo pou kowòdone ak alimante sèvis yo pou moun ki gen maladi mantal ak toksikomani, Bidjè Egzekitif la entegre Biwo Sèvis Toksikomani ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports) ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) pou kreye yon nouvo ajans: ki se Biwo Sèvis Sante Mantal ak Toksikomani (Office of Addiction and Mental Health Services)

Lisans Entegre: Bidjè Egzekitif la otorize Depatman Sante a, Biwo Sèvis Toksikomani ak Sipò, ak Biwo Sante Mantal pou etabli yon lisans inik ki entegre pou pasyan ekstèn sante mantal, toksikomani, ak sèvis sante fizik.

Relanse Rekiperasyon Ekonomik New York la

Pwomilge Rekiperasyon Pandemi an ak Rekòmanse Pwogram nan: Nan mezi pou ede relanse ekonomi New York la, New York pral etabli twa nouvo kredi taks epi elaji yon lòt k ap totalize 130 milyon dola pou ede biznis ki pi piti yo nan endistri ebèjman, atizay ak lwazi, restoran ak endistri pwodiksyon mizik ak teyat pou rekipere anba pandemi an epi remete travay nan New York.

- **Kredi Enpo pou Ti Biznis yo Retounen nan Travay:** Sa a bay jiska 50 milyon dola nan kredi enpo pou sipòte ti biznis yo nan sektè ki afekte anpil yo nan anbochaj travayè adisyonèl jiska 2021.
- **Kredi Enpo pou Restoran Retounen nan Travay:** Kredi taks sa a bay jiska 50 milyon dola nan kredi enpo pou sipòte restoran ki frape di yo pa pandemi an jiska 2021.
- **Pwolonje ak Amelyore Kredi Pwodiksyon Mizik ak Teyat la pou kat ane:** Kredi enpo sa a bay jiska 25 milyon dola nan kredi enpo pou relanse endistri a ak sipòte aktivite touris nan vil la. Nan mezi pou sipòte pwodiksyon mizik ak teyat ki fèt nan Eta a, men andeyò Vil New York, Bidjè a pwolonje kredi sa a pou kat ane jiska 2025 ak double li a 8 milyon dola.

Edike ak Antrene travayè yo pou djòb ki gen demann yo: Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te konekte yon kantite travayè san parèy ak travay, epi kolèj ak

inivèsite New York yo te sèvi yon wòl enpòtan nan efò sa a. Devlopman Mendèv yo dwe fleksib epi reponn yon fason abil nan yon anviwònman ki chanje rapidman epi resesyon ki gen rapò ak COVID te agrandi nesesite pou fleksibilite.

Ansanm ak yon ogmantasyon san parèy nan chomaj, pandemi an te lakòz yon chanjman masiv nan kalite travay ki disponib yo ak nan moun ki ap chèche travay yo. Bidjè Egzekitif la gen ladan plizyè inisyativ kote kolèj ak inivèsite New York yo pral ede rekonstwi ekonomi New York la nan edike ak antrene travayè yo pou travay ki gen demann yo:

- **Pwomès pou Mwayen:** An patenarya avèk Komisyon Re-imagine New York Gouvènè Cuomo a, New York ap lanse yon Pwomès pou Mwayen (Pathways Pledge) pami anplwayè prensipal New York yo, alafwa piblik ak prive, pou kreye mendèv ki pi enklizif epi pou bay plis opòtinite devlopman mendèv.
- **Sant Fòmasyon sou entènèt Gratis SUNY an:** Gouvènè Cuomo pral agrandi Sant Fòmasyon sou Entènèt SUNY gratis la pou Nouyòkè yo kapab enskri nan pwogram sètifikasyon travay anplis pou travay bon kalite nan endistri ki gen anpil demann yo tankou swen sante ak fabrikasyon avanse. Sant Fòmasyon an pral bay plis Nouyòkè nan tout rejyon nan eta a — sòti nan kominote riral yo rive nan sant iben yo — yon lòt opòtinite pou resevwa sètifikasyon fòmasyon pwofesyonèl gratis epi jwenn admisyon otomatikman nan nenpòt nan 30 kolèj kominote SUNY yo pou avansman karyè alavni.
- **Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn SUNY Stony Brook:** Pwogram devlopman enèji renouvlab akselere New York la ap kreye dè milye djòb ki byen peye. Nan mezi pou asire tout Nouyòkè yo benefisye nan opòtinite sa yo, Eta a ap investi 20 milyon dola nan yon nouvo Enstiti Fòmasyon Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute) ki baze nan SUNY Stony Brook ak Farmingdale State College. An 2021 an, NYSERDA ak SUNY pral pibliye premye solisitasyon pou patnè fòmasyon teknoloji avanse yo, k ap eksplwate sistèm SUNY ak CUNY nou an pou antrene premye faz yon kanti travayè ki estime a 2,500 moun k ap kòmanse nan ete 2021 an.
- **Aksè Prioritè pou enfimyè yo nan pwogram SUNY ak CUNY yo:** An 2017, Gouvènè Cuomo te siyen pou vini yon lwa "BSN nan 10" (BSN in 10) lan pou amelyore kalite swen pou pasyan yo epi leve nivo pwofesyon enfimyè a. Li egzije tout enfimyè ki reyalize yon Diplòm Asosye nan Eta New York pou yo reyalize yon Bakaloreya Diplòm Syans nan Swen Enfimyè nan yon peryòd 10 ane pou yo ka kenbe omologasyon nan Eta a. Nan kòmansman otòn 2021 an, SUNY ak CUNY pral aplike admisyon priorite nan pwogram swen enfimyè yo pou 40,000 enfimyè ak kandida

pou enfimyè ki bezwen fini diplòm bakaloreya yo ka resevwa yon bon jan kalite edikasyon abòdab anndan eta a.

Avanse Rekiperasyon Ekonomik la atravè Devlopman Mendèv. Bidjè Egzekitif la adopte yon Inisyativ Mendèv pou Rekiperasyon COVID-19, ki envesti 50 milyon dola pou fòmasyon nan endistri ki gen kwasans elve yo, fòmasyon dirije pa anplwayè pou travayè ki gen revni fèb yo, ak finansman pou ti biznis yo pou re-antrene ak anboche anplwaye ki an disponibilite, revoke, oswa nouvo anplwaye. Envestisman yo pral founi konpetans dirab ki mennen nan bon jan kalite travay ak sipòte kwasans ti biznis yo k ap rekiperere anba enpak COVID-19 yo.

Paryaj Espòtif Mobil: Bidjè Egzekitif la pral otorize yon mache paryaj espòtif mobil. Legalizasyon an pral ofri plis pase 500 milyon dola nan revni ki nesèsè anpil pou Eta a pou ede rekonstwi anba COVID-19 akoutèm ak grandi sa ki ka pi gwo mache paryaj espòtif nan Etazini an pou li vin yon endistri pwofitab alontèm.

Legalizasyon Kanabis pou Granmoun Itilize: Bidjè Egzekitif la legalize kanabis pou granmoun itilize. Legalizasyon pa pral sèlman asire sante piblik ak sekirite, men ofri yon opòtinite pou Eta a jenere plis pase 300 milyon dola nan revni fiskal la. Apati Ane Fiskal 2023 revni yo dwe distribye premyeman nan Fon Ekite Sosyal Kanabis (Cannabis Social Equity Fund) nan yon mo9ntan ki evalye a 100 milyon dola sou kat ane ak 50 milyon dola chak ane apre sa. Lajan sa yo pral itilize pou sipòte moun ak kominote yo ki te pi touche pandan dè deseni entèdiksyon Kanabis la.

Sipòte Chomè yo ak Pwoteje Travayè yo: Depi nan konmansman pandemi an, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) te peye plis pase 61 milya dola nan avantaj yo pou plis pase 4 milyon Nouyòkè - prèske 29 ane tipik nan avantaj yo. Bidjè Egzekitif la ak mezi administratif yo avanse yon pake refòm nan sistèm chomaj la, ki gen ladan amelyorasyon pou modènize teknoloji, sa ki pèmèt aktivite rechèch travay yo pou fèt atravè konferans videyo ak sou entènèt, ak kreye yon pòtal vityèl santralize pou travayè yo ranpli reklamasyon, diskriminasyon, vanjans, ak lòt reklamasyon sou vyolasyon nan espas travay la. Anplis de sa, DOL pral aplike chanjman regilatwa imedya yo pou pèmèt avantaj chomaj pasyèl, ki baze sou kantite èdtan reyèl yo te travay pandan yon semèn pou ankouraje Nouyòkè ki nan chomaj yo pou asime yon travay a tan pasyèl pandan y ap chèche travay a plen tan. Lejislasyon ki soumèt ak Bidjè a pral fè nouvo kalkil avantaj pèmanan pou asirans chomaj pasyèl ki rive posib pa amelyorasyon teknolojik yo.

Kontinye fè Envestisman nan Sektè Touris la: Pandemi COVID-19 la te lakòz yon bès bridsoukou nan vwayaj, sa ki frape endistri touris New York la di patikilyèman. Pandan Eta New York ap avanse efò re-ouvèti ki baze sou lasyans li yo, Bidjè a gen ladan finansman adisyonèl pou atire vizitè toupatou nan mond lan ak ranfòse ekonomi touris la. Pwogram lan gen ladan yon nevyèm faz ki estime a 15 milyon dola nan finansman konpetitif atravè inisyativ Market NY la pou sipòte pwojè komèsyalizasyon ki pwomouvwa atraksyon rejonan yo.

Yon lòt Faz nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan kapital debaz ak finansman kredi enpo ki pral konbine avèk yon pakèt pwogram ajans ki egziste deja pou prim REDC yo ki totalize 750 milyon dola epi yo pral sible asistans nan endistri ki afekte yo ak pèmèt pou kreye djòb ak kenbe anplwa.

Elaji Opòtinite pou Pwogram MWBE New York la:

Gouvènè Cuomo se yon chanpyon nan Antrepriz ki Gen Minorite ak Fanm kòm Pwopriyetè yo (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE). An 2014, li te fikse objektif itilizasyon nan kontra Eta a 30 pousan pou asire tout Nouyòkè yo gen opòtinite pou patisipe nan ekonomi Eta New York k ap grandi a. Kounye a Eta New York gen pi gwo patisipasyon nan kontra MWBE nan nasyon an. An reyalite, depans kontra eta a ak konpayi MWBE yo deja ogmante soti mwens pase 100 milyon dola an 2010 a 3,14 milya dola kòm MWBE nan Ane Fiskal 2020 an. Pou bati sou siksè sa a, Empire State Development Corporation, an patenarya avèk Komisyon Re-imaginer New York la, pral lanse "Navigatè Antreprenarya" (Entrepreneurship Navigator) pou bay sèvis pèsonalize ak aksè rasyonnalize nan pwogram demaraj yo pou ede kouvri fanm ak antreprenè minorite yo nan sektè teknoloji ak inovasyon an.

Fon Devlopman Ekonomik New York Works la. Yon sizyèm faz investisman k ap totalize 220 milyon dola pou Fon Devlopman Ekonomik New York Works la pral bay sibvansyon kapital adisyonèl toupatou atravè eta a pou sipòte pwojè ki fasilite kreyasyon nouvo djòb epi retni djòb ki la deja yo, oswa finansman investisman nan enfrastrikti ki nesèsè pou atire nouvo biznis oswa agrandi biznis ki la deja yo pou sipòte rekiperasyon ekonomik.

Revitalizasyon Anbalavil: Pandemi an te kenbe Nouyòkè yo lakay yo pou yo ka sove lavi yo, sa ki te deranje sikilasyon komès nan kominote anba lavil yo atravè Eta a. Zòn sa yo bezwen sipò kounye a plis pase anvan an. Poutèt sa, Bidjè Ane Fiskal 2022 an ofri 100 milyon dola pou yon lòt faz nan Inisyativ Revitalizasyon Anbalavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI), a ki deja transfòme katye anba lavil yo an kominote vibran kote pwochen jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak leve fanmi yo.

Transpòta ak Enfrastrikti

Plan Enfrastrikti 306 milya dola: Plan enfrastrikti 306 milya dola New York la gen ladan 206 milya dola plan 2020-24 Gouvènè a ak plan 100 milya dola 2015-2019 li a. Li ap ogmante ane sa a soti nan 275 milya dola ak enklizyon nouvo eleman kle nan Redevlopman Midtown West la nan Vil New York, Redevlopman Estasyon Belmont lan ak 1.5 milya dola nan nouvo kapital.

Devlopman Makwo Transfòmasyonèl Midtwon West:

- **Konplèks Empire Station.** Nan kad Devlopman Transfòmasyonèl Midtown West epi avèk achèyman Moynihan Train Hall lan, Eta a pral oryante li sou Penn Station ki egziste a, pou lanse yon pwojè konplè 16 milya dola pou elaji ak rekonstwi estasyon ki egziste a. Penn Station ki

renove nèt la, ki gen ladan nouvo antre Long Island Rail Road la nan 7th Avenue ki te ouvri nan 31 desanm 2020 an, pral gen ladan yon sal LIRR nan 33rd Street ki elaji ak rekonstwi nèt epi yon estasyon ki elaji ak transfòmè nèt. Anplis de sa, omwen gen uit nouvo vwa ki pral konstwi nan sid Penn Station ki egziste a pou ajoute kapasite, diminye reta yo ak amelyore operasyon yo. Se pral yon pwojè transpò anblematik ki pral kreye apeprè 60,000 travay dirèk ak enplike gouvènman federal la, Empire State Development, Metropolitan Transportation Authority, New Jersey Transit ak Amtrak. Eta New York pare pou travay avèk New Jersey Transit ak Gouvènman Federal la pou pataje investisman istorik sa a pou lavni rejyon an.

- **Pwolongasyon High Line pou rive nan Moynihan Station.** Nan kad Devlopman Transfòmasyonèl Midtown West la, bidjè a gen ladan finansman pou sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou pwolonje High Line nan Manhattan lan pou bay pyeton yo aksè fasil ak chemen ki elve a nan Moynihan Train Hall ki fèk ouvri a. Nan kad yon kolaborasyon piblik-prive, Brookfield Property Group pral mete tèt ansanm avèk Empire State Development, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey), ak Zanmi High Line nan (Friends of the High Line) pou bati yon koneksyon an fòm L soti nan estasyon final High Line nan sou 10th Avenue ak espas piblik Manhattan West Brookfield la.

Premye Entènèt Abòdab nan Peyi a pou Tout Fanmi ki Gen Revni Ba: Lè viris COVID-19 la te premye antre New York epi te kòmanse gaye byen vit atravè kominote nou yo, elèv ak granmoun yo te oblije adapte yo ak aprantisaj adistans ak travay adistans pou kenbe youn lòt an sekirite. Touswit, sa te vin klè ke wo debi inivèsèl se te yon kondisyon preyalab pou reyisi nan yon monn adistans. Aktyèlman, yon pri pou plan entènèt debaz wo debi, an mwayèn, plis pase 50 dola pa mwa. Bidjè Egzekitif la gen ladan premye lejislasyon nan peyi a ki mande founisè sèvis entènèt yo ofri yon plan entènèt wo debi 15 dola pa mwa pou tout fanmi ki gen revni ba. Eta a pral egzijè founisè yo tou pou fè piblisite plan sa a pou asire pwogram yo atenn popilasyon defavorize yo nan Eta a. Pou konble plis mank lan, Eta a pral fè patenarya avèk Schmidt Futures ak Fondasyon Ford pou lanse yon nouvo fon sipò pou peye abònman entènèt pou elèv nou yo ki gen plis nesosite ki pa kapab peye 15 dola pa mwa pandan kriz sa a.

Aprè apeprè 500 milyon dola ki investi pou elaji entènèt wo debi pou 98 pousan eta a, New York pral dirije nasyon an tou nan rann wo debi nan pri abòdab. San wo debi abòdab, moun yo pa sèlman dekonekte, yo prive de dwa yo. Komisyon Reyimajine New York la te rapòte bay Gouvènè a ke wo debi bon kalite, abòdab dwe disponib pou tout moun epi nan New York n ap asire sa fèt.

Plan Kapital DOT la: Bidjè Egzekitif la prevwa 5.8 milya dola pou dezyèm ane yon Plan Kapital rekò DOT 11.9 milya dola, sou 2 ane, ki pral fasilite amelyorasyon otowout, pon, enfrastrikti fewovye, avyasyon, transpò ki pa MTA ak sant DOT yo.

Konpare ak de dènye ane dènye Plan Kapital DOT la, sa a se yon ogmantasyon 3 milya dola, oswa 33 pousan.

Ranfòse Otowout ak Pon Lokal yo: Bidjè Egzekitif la kontinye ak angajman rekò Gouvènè Cuomo a pou finanse pwojè pon ak otowout lokal yo. Yo kenbe finansman pou Pwogram Amelyorasyon Otowout Ki Konsolide (Consolidated Highway Improvement Program, CHIPS) ak pwogram Marchiselli an nan nivo ane pase a ki se 477.8 milyon dola. Bidjè a kontinye tou 100 milyon dola pou ede otowout atravè pwogram PAVE NY la, ak 100 milyon dola pou finanse pwojè pon lokal yo nan pwogram BRIDGE NY la. Pwogram sa yo ap amelyore tou kondisyon wout ak pon lokal yo ak nan Eta a.

Sipòte Pak ak Pwojè Kapital DEC yo: Bidjè Egzekitif la atribiye 110 milyon dola nan finansman kapital New York Works pou Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation). Finansman sa a pral ede transfòmasyon nan pak vedèt Eta yo, epi sipòte pwojè enfrastrikti ki enpòtan anpil yo. Bidjè Egzekitif la gen ladan tou 75 milyon dola pou Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) pou reponn ak yon seri bezwen kapital pou amelyore aksè ak tè yo nan Eta a ak reyabilite teren kanping yo.

Investisman nan Enfrastrikti Dlo Pwòp: Bidjè Egzekitif la ajoute yon kredi 500 milyon dola pou sipòte dlo pwòp, ogmante investisman total Eta a nan 4 milya dola ak kontinye respekte angajman 5 milya dola Gouvènè a nan zafè dlo pwòp.

Reyimajine Kanal Erie a: Pou ajoute sou konklizyon Gwoup Travay pou Reyimajine Kanal Erie a, Konsèy Otorite Enèji New York (New York Power Authority) la, k ap sipèvizè Canal Corporation kòm yon filyè kounye a, pral investi 300 milyon dola pandan senk ane k ap vini la yo pou entegre santye Empire State Trail la ak Kanal Erie a nan yon nouvo sistèm "Empire Line" ki pral ankouraje touris ak devlopman ekonomik, abòde defi anviwònmanal yo pa te konnen yon syèk pase, epi kreye yon resous ki pral amelyore kalite lavi nan kominote ki olon 579 kilomèt kolòn vètebral Kanal Erie a.

Amelyorasyon Kapital Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA): Bidjè Egzekitif la gen ladan 105 milyon dola nan nouvo finansman kapital pou Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority) la, ki gen ladan 92.5 milyon dola pou yon plan amelyorasyon ak modènizasyon estratejik pou sipòte amelyorasyon k ap fèt nan etablisman Olenpik ak sant eski yo k ap konsantre sou preparasyon pou Jwèt Inivèsité Mondyal 2023 yo, 10 milyon dola pou antretyen enpòtan ak modènizasyon efikasite enèji yo, ak 2.5 milyon dola kredi ki sòti nan bidjè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la nan kad inisyativ New York Ap Travay (New York Works) la.

Fè New York Tounen yon Lidè nan Ekonomi Enèji Vèt

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, New York pral anbake nan yon pwogram Enèji Vèt ki pral ankouraje plis pase 29 milya dola nan investisman piblik ak prive nan eta a epi kreye 12,400 megawat enèji vèt - ase pou bay 6 milyon kay kouran. Investisman sa yo pral non sèlman fè eta a pase nan yon ekonomi ki net an kabòn, akonpli objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) New York la, men tou pral ankouraje retablisman ekonomik apre COVID la. Pwojè yo gen ladan yo:

- **Pi gwo pwogram Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo nan Nasyon an.** Eta a pral siyen kontra avèk Equinor Wind US LLC pou devlopman de nouvo pak ewolyèn olaj zòn kot yo plis pase 32 kilomèt olaj Long Island, nan sa ki se pi gwo akizisyon enèji renouvlab pa yon eta nan istwa Etazini. Lè yo fini, de pak enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral bay yon konbinezon 2,490 megawatt enèji san kabòn, pote yon lòt 8,9 milya dola nan investisman.
- **Santral Mondyal pou Fabrikasyon Enèji Ewolyèn.** New York te garanti angajman konpayi yo pou fabrike konpozan tibin ewolyèn nan eta a epi konstwi pi gwo pwogram enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an. Plan pou fè Eta New York vin yon santral mondyal pou fabrikasyon enèji ewolyèn gen ladan amelyorasyon pou kreye senk enstalasyon pòtyè ki konsakre. Pwojè sa yo gen ladan: premye enstalasyon fabrikasyon tou ewolyèn nan zòn kotyè peyi a ki gen pou konstwi nan Pò Albany an; enstalasyon nan South Brooklyn Marine Terminal; pi gwo aktivite nan Pò Jefferson ak Pò Montauk Harbor nan Long Island. Ansanm, pwojè yo pral mobilize prèske 3 dola nan finansman prive pou chak 1 dola nan finansman piblik, pou yon investisman konbine 644 milyon dola nan enstalasyon pò sa yo.
- **Konstwi Otowout Transmisyon Enèji Vèt New York la.** Eta New York pral konstwi yon nouvo otowout enèji vèt ki evalye a 402,33 kilomèt. Pwojè 2 milya dola a pral kreye opòtinite pou maksimize itilizasyon enèji renouvlab pou pati yo nan eta a ki toujou konte sou plant gaz fosil polyan yo. Konstriksyon an deja kòmanse nan kad pwojè Pakou Entèlijan (Smart Path) ki evalye a 138 kilomèt Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la soti Massena pou rive Croghan, e konstriksyon pral kòmanse byento nan plizyè pwojè kle nan Rejyon Lwès New York, Mid-Hudson, ak Rejyon Kapital la.
- **Patenarya Piblik-Prive pou Konstwi Prèske 100 Pwojè Enèji Renouvlab:** Pandan senk dènye ane yo, Eta a te siyen kontra pou konstriksyon 68 nouvo etablisman enèji renouvlab nan wo nivo ki gen ladan fèm solè, fèm ewolyèn tèrès, ak twa fèm ewolyèn olaj zòn kot ki pami sa yo ki pi gwo nan nasyon an. Investisman sa yo nan enèji renouvlab te pote aktivite ekonomik nan 34 konte, yo pral ajoute 6.100 megawatt kapasite enèji pwòp nan enfrastrikti eta a, ak jenere investisman ki plis pase 12 milya dola.

Pou bati sou pwogrè sa a, New York pral siyen kontra pou yon lòt 24 pwojè pwodiksyon enèji renouvlab an 2021 nan wo nivo, pou pote total enèji pwòp ki bati nan

eta a prèske 100 pwojè. 23 fèm solè yo ak yon etablisman idwo-elektrik pral konstriksyon enèji pwòp ki pi rantab jiska dat nan New York, sa k ap pwodwi plis pase 2,200 megawatt enèji pwòp, jenere plis pase 2.9 milya dola nan investisman ak kreye 3.400 djòb nan 16 konte nan pati Nò a.

Sipòte Bis Elektrik yo. Bidjè Egzekitif la bay tou yon sistèm transpò ki pa MTA avèk yon lòt 20 milyon dola èd nan kapital, pou dezyèm tranch yon pwogram 100 milyon dola sou senk ane pou sipòte tranzisyon ajans transpò yo pou pase nan bis elektrik. Nan kad pwogram sa a, senk pi gwo otorite transpò piblik nan rejyon nò ak nan zòn banlye yo pral elektrifye 25 pousan nan flòt yo apati 2025 ak 100 flòt yo apati 2035.

Lite kon Enjistis Sistemik yo

Rasyonnalize ak Amelyore Travay pou Lite kont Vyolans Domestik ki Baze sou Sèks:

Pandan pandemi an, te gen yon gwo ogmantasyon nan ka vyolans domestik ak ki baze sou sèks yo, pa sèlman nan New York men nan tout peyi a. Pou lite kont sa, Gouvènè a pral baze sou pwogrè pase yo epi aplike nouvo inisyativ pou elimine konpòtman lèd sa a ki gen ladan:

- **Etabli yon Etikèt Deli Vyolans Domestik** Nan kad Bidjè Egzekitif la, Gouvènè a pral etabli yon deli vyolans domestik ki asire krim sa yo pral ajoute nan yon lis ki entèdi moun sa yo pou posede zam afe.
- **Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak ki Baze sou Sèks:** New York fyè pou se sèl Eta ki gen yon ajans egzekitif ki dedye ak pwoblèm vyolans domestik. Biwo Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la pral tounen yon Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak ki Baze sou Sèks ki vize rasanble plizyè efò pou lite kont vyolans ki baze sou sèks ak kreye premye ajans k ap lite kont vyolans ki baze sou sèks nan peyi a. Nouvo biwo a pral ankouraje kolaborasyon pami ajans yo ak founisè sèvis yo, elimine pwosesis repetitif yo epi senplifye entèraksyon sivivan yo avèk Eta a.
- **Egzije Agresè yo pou Peye Depans Lojman Sivivan yo:** Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon ki otorize tribinal yo pou egzije agresè yo pou peye domaj pou inite lojman yo, depans demenajman ak lòt depans lojman lè sa gen rapò ak yon ensidan sou vyolans domestik.

Fasilite Kreyasyon Opsyon Gadri nan tout Eta a: Pandemi COVID-19 la te souliye ki jan yon mank aksè ak gadri abòdab ka deranje fanmi ki gen revni fèb yo epi fòse moun kap bay swen yo, sitou fanm yo, chwazi ant mete manje sou tab yo ak pran swen pitit yo. Pandan ke pri abòdab sèvi kòm yon baryè pou fanmi yo asire swen pou timoun yo, gen tou yon mank aksè jeneral nan pwogram gadri yo, ansanm ak kapasite ensifizan founisè ki gen bon jan kalite nan tout eta a ki ka anpeche fanmi yo jwenn aksè ak gadri.

Pou rann gadri pi abòdab ak ekitab pou pifò timoun ki vilnerab nou yo ak paran yo, Bidjè Egzekitif la gen ladan efò pou:

- **Ranfòse Pwogram Gadri yo:** Bidjè Egzekitif la kenbe 832 milyon dola pou sibvansyon gadri gras ak Sibvansyon Global Gadri Eta New York la. Fon sa yo sèvi anviwon 169,000 timoun, ki gen 0-13 ane, ki sòti nan anviwon 101,000 fanmi ki gen revni ba. Sa gen ladan kredi taks pou timoun ak pwogram pre-matènèl yo, sipò pou fanmi ki gen timoun nan laj pou gadri bay apeprè 2.8 milya dola an total.
- **Adopte Kredi pou Gadri Anplwayè:** Bidjè a amelyore Pwogram Excelsior Jobs la ak Kredi Gadri Anplwayè Bay, ki bay ankourajman siyifikatif ak anplwayè yo pou ede yo bay sèvis gadri ki endispab pou anplwaye yo. Pwogram Excelsior Jobs la amelyore pou pèmèt Kredi sou Taks pou Envestisman ki elaji pou senk pousan ak yon kredi pou sis pousan depans gadri nèt aktyèl yo ke benefisyè kredi a bay. Kredi pou Gadri Anplwayè a Bay la amelyore tou nan double pousantaj kredi aktyèl yo nan 50 pousan depans gadri ki kalifye yo ak 20 pousan pou resous gadri kalifye ak depans pou rekòmandasyon yo pandan sa ap ogmante limit kontribiyab la sòti nan 150,000 dola pou pase nan 500,000 dola.
 - **Amelyore Aksesibilite pou Gadri.** Bidjè Egzekitif la envesti 40 milyon dola pou asire pa gen okenn fanmi ki gen revni ba k ap resevwa yon sibvansyon ki peye plis pase 20 pousan revni li pi wo pase nivo povrete pou ko-peman gadri yo, sa ki redui fado a pou anviwon 32,000 fanmi k ap travay. Li envesti tou 6 milyon dola pou sibvansyon demaraj yo pou kreye pwogram kont mank nan zafè gadri ak sipò salè pou pwogram yo ki nan kote ki aktyèlman gen mank ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils) idantifye.

Ranfòse Estanda pou Anboche Ofisye Lapolis yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon ki mande tout ajans ki pou fè aplike lalwa yo respekte estanda sou verifikasyon antesedan yo ki gen ladan yon verifikasyon pou istwa kriminel, yon egzamen sante mantal, divilgasyon anplwayè anvan yo, revizyon rejis lapolis pou anilasyon pèmanan sètifikasyon, ak divilgasyon move konduit anvan.

Egzije Akreditasyon Depantan pou Verifikasyon Antesedan yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon ki mande ajans pou fè aplike lalwa yo vin akredite pou kapab estandadize verifikasyon antesedan yo pou asire se sèlman sila yo ki pi kalifye ki kapab sèvi kòm ofisye pou fè aplike lalwa.

Etabli Estanda Anilasyon Sètifikasyon pou Ofisye Lapolis yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon pou kreye yon mekanis sou responsabilite pou asire okenn move grenn pa sèvi kòm ofisye lapolis nan defini klèman konduit ki lakòz anilasyon pèmanan sètifikasyon, òdone pou rapòte move konduit, ak egzije pataj enfòmasyon move konduit grav ofisye yo.

Fon pou Kamera ki Pote sou kò: Bidjè Egzekitif la gen ladan finansman pou sipòte dènye lejislasyon yo te adpote ki egzije tout Ofisye Lapolis yo nan Eta a pou pote kamera sou kò yo.

Fon pou Defans Libète: Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral kontinye sipòte Pwojè Defans Libète a pou kontinye goumen pou imigran k ap chèche yon lavi miyò pou tèt yo ak fanmi yo. Bidjè Egzekitif la otorize 10 milyon dola pou Fon Defans Libète a pou bay konsiltasyon jiridik ak depistaj gratis pou ede Nouyòkè ki pa gen papye yo.

Sipòte Egzekisyon Ogmante Laj la: Bidjè Egzekitif la gen ladan yon kredi 250 milyon dola pou sipòte egzekisyon kontinyèl inisyativ Ogmante Laj (Raise the Age) la.

Asire Pwoteksyon Dwa Moun pou tout Nouyòkè yo: Bidjè Egzekitif la sipòte ekspansyon Amanman Dwa Egal nan Konstitisyon Eta a pou kodifye yon fason pèmanan dwa yo ki reflekte angajman New York pou egalite. Lejislasyon ki soumèt avèk Bidjè a ajoute tou sityasyon sitwayènte ak imigrasyon an kòm klas pwoteje anba Lwa sou Dwa Moun yo, epi elaji dispozisyon kont diskriminasyon pou lekòl ki gen bi likratif yo pou pi byen pwoteje kont diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan enstitisyon sa yo.

Konbat Ensekirite Alimantè: Bidjè a gen ladan 150 milyon dola pou konbat ensekirite alimantè epi ajoute 25 milyon dola pou Nouri New York (Nourish New York) pou yon investisman total 60 milyon dola. Pwogram enpòtan sa a ede moun ki gen ensekirite alimantè pou jwenn aksè ak nouriti yo bezwen, pandan l ap ofri yon mache pou agrikiltè yo vann pwodui yo.

Edikasyon

31.7 milya dola pou Sipòte Distri Lekòl yo: Bidjè Egzekitif la bay 31.7 milya dola kòm finansman pou distri lekòl yo atravè School Aid, STAR, ak fon ekstraòdinè federal yo, pou sipòte depans operasyonèl distri lekòl yo ki edike 2.6 milyon elèv nan tout eta a. Apwoksimativman 70 pousan nan fon sa yo sible distri lekòl ki gen gwo nesese yo.

Repati 4.3 milya dola nan Fon Siplemanntè Federal: Akòz presyon ekstraòdinè ke pandemi an mete sou distri lekòl yo, pwofesè ak elèv yo, Bidjè Egzekitif la repati fon pou lekòl yo nan lide pou sipòte depans operasyonèl yo epi ki gen rapò ak pandemi an.

Otorize Èd pou Depans Transpò Distri Lekòl ki Gen Rapò ak Pandemi an: Nan kad Bidjè Egzekitif la, distri lekòl yo pral jwenn ranbousman distri lekòl pou depans nan zafè bay repa lekòl ak materyèl pedagojik pandan fèmte lekòl ki gen rapò ak pandemi an nan prentan 2020 an.

Konsolide 3.7 milya dola nan Èd ki Baze sou Depans: Bidjè Egzekitif la etabli yon pwogram sibvansyon global apati èd ki baze sou depans ki egziste yo pou ogmantasyon alavni nan finansman an kapab repati yon fason ki pi pwogresif atravè Foundation Aid la.

Asire Lojman San Patipri ak San Danje

Plan Kapital pou Lojman Abòdab ak pou Sanzabri: Bidjè Egzekitif la kontinye investisman global 20 milya dola sou senk ane a pou kreye oswa prezève plis pase 100,000 inite lojman abòdab ak kreye 6,000 nouvo inite lojman sipò. Eta a sou wout pou atenn objektif lojman abòdab yo epi te deja depase lojman ki bay sipò yo. Jiskaprezan, New York te finanse nouvo konstriksyon ak prezèvasyon plis pase 66,500 inite lojman abòdab ak plis pase 7,000 inite lojman ki bay sipò ki bay estabilite pou kèk nan popilasyon ki pi vilnerab nan eta a, sa gen ladan veteran, viktim vyolans domestik, moun ajè ki frajil oswa ki gen andikap yo, jèn granmoun ki depase laj pou fwaye dakèy, ak Nouyòkè ki idantifye kòm sanzabri ki gen bezwen, kondisyon espesyal, oswa lòt difikilte nan lavi. Avèk siksè sa a, Gouvènè a te kontinye ak angajman Eta a pou lojman ki bay sipò yo. Objektif la se kreye kounye a 20,000 inite sou yon peryòd 15 ane, epi Bidjè a gen ladan 250 milyon dola kòm finansman kapital adisyonèl pou kontinye fè pwogram nan Ane Fiskal 2022 a.

Sipòte Nouvo Lojman pou Sanzabri: Bidjè Egzekitif la kontinye 128 milyon dola pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a, yon nivo ki atenn lè finansman pou pwogram lan te double nan Ane Fiskal 2021 an. Investisman sa a pral kreye plis lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri epi ki pa kapab sekirize bon lojman san asistans espesyal.

Pwoteje Lokatè: Bidjè Egzekitif la fè avanse pwogram asistans lwaye dijans lan ke fon Federal la sipòte. Pwogram lan pral sipòte fanmi ki dwe lwaye ki te gen pwoblèm finansye, ki gen risk pou vin sanzabri oswa ki gen enstabilite nan zafè lojman, epi ki touche mwens pase katreven pousan revni mwayen zòn lan. Pwogram lan ap priorize moun ki nan chomaj ak sila yo ki gen revni ki pi ba yo. Pwopozisyon an asire aksè ak Nouyòkè ki pa gen papye yo epi ka gen ladan kreyasyon yon fon pou sitiyasyon difisil. Anplis de itilizasyon 800 milyon dola ki bay dirèkteman ak Eta a, pwogram lan ap estriktire pou pèmèt efò kowòdone ant Eta a ak gouvènman lokal yo ki te chwazi resevwa fon dirèkteman - pou pwofite tout 1.3 milya dola a ki prale pou New York ak lòt resous, jwenn efikasite ak anpeche fwòd.

Amelyore Sèvis Lojman pou Biwo Sante Mantal: Bidjè a kontinye investisman 20 milyon dola a apati Ane Fiskal 2021 an pou sipòte pwogram rezidansyèl ki egziste yo, yon pati nan ogmantasyon kimilatif 70 milyon dola a chak ane depi Ane Fiskal 2015. Anplis de sa, gen 60 milyon dola nan finansman kapital ki pral prezève lojman nan kominote a ki pèmèt moun yo viv nan anviwònman ki pi entegre posib la.

Edikasyon Siperyè

Bidjè Egzekitif la bay 7.5 milya dola nan finansman pou edikasyon siperyè nan New York, frè lekòl pa ladan - yon ogmantasyon 1.5 milya dola depi Ane Fiskal 2012 la.

Prezève Sipò pou Elèv ki gen Plis Bezwen yo: Bidjè Egzekitif la asire aksè ak yon edikasyon pou kolèj ki abòdab fas ak difikilte ekonomik yo ke pandemi an te lakòz nan

prezève èd finansye pou elèv ak pwogram opòtinite pou elèv nou yo ki gen plis bezwen. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2022 a kenbe sipò konplè pou plis pase 1 milya dola nan pwogram èd finansye HESC yo, sa gen ladan TAP ak Bous Detid Excelsior a, ansanm ak plis pase 200 milyon dola nan finansman pou pwogram opòtinite nan edikasyon siperyè ak sant fòmasyon yo. Bidjè a pwolonje limit dire rekonpans pou èd finansye a pou elèv sa yo ki, akòz pandemi an, pa te kapab kenbe pwogrè akademik satisfèzan akòz maladi, fèmte kou oswa lòt sikonstans espesyal.

Pwolonje yon Plan Finansman Previzib pou SUNY ak CUNY. Nan ane 2011, Gouvènè a te adopte yon plan pou ogmantasyon previzib nan frè lekòl pou CUNY ak SUNY, sa ki mete fen nan ogmantasyon sipriz nan bòdwo elèv yo. Bidjè Egzekitif la pwolonje plan finansman previzib sa a pou CUNY ak SUNY ki pral kontinye pwoteje elèv yo kont ogmantasyon nan frè lekòl yo ak bay kolèj piblik nou yo resous adisyonèl pou investi nan aksesibilite ak kolèj epi reysit elèv la. Plan sa a limite ogmantasyon nan frè lekòl rezidan an nan SUNY ak CUNY pou pa plis pase 200 dola nan yon ane jiska Ane Fiskal 2025 la. Revni ki jenere nan nenpòt ogmantasyon nan frè lekòl pral re-investi pou sipòte kò pwofesè, ansèyman, inisyativ pou amelyore siksè ak achèyman elèv, epi kredi frè lekòl pou elèv TAP ki kalifye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)